



**ITANGAZO RYO GUHAMAGARIRA AMASHIRAHAMWE Y'ABAGENDANA UBUMUGA  
GUTANGA IMIGAMBI MITO MITO YUNGUKA**

Mu ntumbero y'umugambi wo gukomeza ubushobozi bw'amashirahamwe ya sosiyete sivile mu Burundi budakumira (**NDINKABANDI**) ushigikiwe n'Umuryango w'ubumwe bw'ibihugu vya Buraya ukaba uriko ushirwa mu ngiro n'urunani rwa CARE, COPED na RCPHB mumakomine 5 ari muntara 4 ariyo Mukaza na Ntahangwa ziri mu ntara ya Bujumbura, Gitega iri mu ntara ya Gitega, Makamba iri mu ntara ya Burunga na Muyinga iri mu ntara ya Buhumuza;

COPED yararonse amafaranga y'ugufasha amashirahamwe agendana ubumuga kugira ashire mu ngiro imigambi mito mito yunguka biteguriye kugira biteze imbere bongere batange akazi kubakenyezi, abigeme, abamugaririyemuntambra kubera bari ku rugamba. Nico gituma imenyeshesheje ayo amashirahamwe y'abagendana ubumuga ko itanze akaryo ko kwakira ivyiyumviro vy'imigambi mito mito yunguka kugira icaguremwo imigambi izofasha mugushirwa mu ngiro.

Amashirahamwe canke imigwi y'abagendana ubumuga asanzwe akorera mur'izo komine zavuzwe aho hejuru yifuza kurangura mwene iyo migambi ko yosidukana nk'iyonka mugutanga iyo migambi. Imigambi yemewe gufashwa n'iyibiranga umuntu ashobora kuvyisomera aho bimanitse kuma biro ya COPED i Bujumbura no muntara canke akavyisomera kubuhinga ngurukana bumenyi bwa COPED: [www.coped.org](http://www.coped.org).

Amadosiye agizwe ikete ryo gutanga umugambi ryandikiwe umuyobozi mukuru wa COPED, inyandiko zisigura umugambi hamwe nibiranga ishirahamwe (ikete ryemeza kw'iryo shirahamwe ryemerewe gukora kumugaragaro, amategeko agenda ishirahamwe n'ibindi), ategerezwa gutangwa bitarenze ku wa 30 Ndamukiza 2026 isaha cumi n'imwe itarenga, ku biro vya COPED i Bujumbura no kubiro vyayo muma Komine ya Gitega, Makamba na Muyinga, canke bikarungikwa biciye kubuhinga ngurukana bumenyi agasandugu k'inyandiko ngurukanabumenyi : [coped@coped.org](mailto:coped@coped.org).

Dosiye ntasubizwa izotangwa iri mw'ibahasha ndende ryanditseko inyuma : "Umugambi muto muto w'ishirahamwe....."

**Menya neza:** Dosiye izozanwa harenze itariki n'amasaha ntizokwakirwa

**Umuyobozi wa COPED ku rwego rw'Igihugu,**



Patiri Muganga Jean Claude NDAYIKENGURUKIYE